



# Rezime plan patisipasyon paran nan Palm Pointe pou lane 2016-2017

Palm Pointe pran rezolisyon pou fè tout efò pou enplike paran ak manm yo nan kominote a nan aktivite ak reyinyon nan lekòl la pou kapab ankouraje bon relasyon epikreye yon patenarya ki solid.

## Patisipasyon paran yo ak kominote a

- Palm Pointe pral mete sou pye plizyè aktivite kap enplike paran yo pou angaje fanmi yo ak kominote a nan edikasyon elèv yo (gade pati ranfòse kapasite a).
- Paran yo kapab sèvi nan konsèy konsiltatif lekòl la (SAC) oswa nan Òganizasyon Pwofesè-Paran an (PTO).
- Manm SAC yo angaje yo nan egzaminen plan SIP ak PIP yo epi tout paran gen opòtinite pou bay opinyon yo.

## Kowòdinasyon ak entegrasyon

- Edikasyon elèv ki eksepsyonèl/IDEA
- Konsèy Sèvis pou timoun yo.
- Akademi pou Paran

## Reyinyon anyèl pou paran

- Reyinyon anyèl Tit I an pral fèt mèkredi 14 septanm 2016.
- Yo te voye chak elèv lakay yo semèn pase an ak yon feyè pou anonse aktivite a.
- Te gen mesaj pou rapèl ki te afiche sou paj Facebook lekòl la epi nou te voye yon apèl School Messenger bay tout fanmi yo de (2) jou anvan reyinyon an.

## Fleksibilite reyinyon paran yo

- Patisipasyon paran nan aktivite ak reyinyon yo pral pwograme nan plizyè dat ak lè, kèk ap fèt pandan lajounen epi kèk lè lannuit kòmanse tonbe.
- Dokiman prezantasyon yo pral disponib pou fanmi ki pa kapab asiste reyinyon yo pwograme yo.

## Ranfòse kapasite

- Nou reyalize plizyè aktivite pou enplike paran yo pou kapab fè pwomosyon pou yon bon patenarya lekòl ak lakay epi amelyore konpreyansyon sou pwogram etid jeneral la epi egzamen yo planifye pou ane akademik 2016-2017 la. Men egzanp kèk aktivite anba a :
  - Aktivite yo pa klas
    - Yo te bay pwofesè yo lajan Tit I an pou kapab planifye, prepare ak fasilite patisipasyon paran nan aktivite yo pandan tout ane a. Egzanp sa gen ladann: tacos ak trivia, nuit matematik (Math Night), èske ou pi entèlijan ke yon elèv 7yèm (Are You Smarter than a 7<sup>th</sup> Grader), etc.
  - Aktivite kominotè
    - Aktivite famiyal lannuit pou PTO
    - Dejene ak Santa (Breakfast with Santa)
    - Papa mennen timoun ou lekòl (Dads Take Your Child to School)
    - Gid volontè
  - Aktivite lekòl la ki chita sou pwogram etid la

- Pwogram etid pou lannuit
- Alfabetizasyon ak lingwin (Linguini)
- Nou bay opòtinite pou devlopman anplwaye yo pou kapab amelyore bon kominikasyon yo genyen ak paran yo epi fè pwomosyon yon bon patenarya lekòl ak lakay.

### **Kominikasyon**

- Nou voye epi pataje ak paran timoun ki ap patisipe yo, enfòmasyon ki gen rapò ak pwogram etid jeneral la, egzamen epi pwogrè akademik yo a lè.
  - Seyans enfòmasyon
  - Atelye
  - Rapò sou pwogrè ak kanè
  - Konferans paran-pwofesè
- Sèvis tradiksyon yo disponib sou demann.
- Paran yo pral gen posiblite pou egzaminen epi bay opinyon sou plan ki enplike paran yo.
- Lekòl la pral kominike ak paran yo atravè bilten (lèt enfòmasyon), nòt yo toujou ajoute sou skyward, reyinyon SAC yo, sitwèb Palm Pointe la, rezo sosyal ak apèl School Messenger yo.

### **Aksè**

- Nou pral bay tradiksyon dokiman ki enpòtan yo tankou antant paran ak lekòl la nan lang espayòl ak kreyòl ayisyen, pou diminye baryè lang lan.
- Nou pral ofri yon seri aktivite sou patisipasyon paran oswa seyans enfòmasyon plizyè fwa nan jounen an ak/oswa lè lannuit apenn ap tonbe.
- Nou pral bay (lè sa apwopriye) opsyon kote gen vwa ki ap pale nan prezantasyon dokiman yo epi afiche li sou sitwèb lekòl la pou fanmi ki pa kapab asiste aktivite a kapab toujou resevwa enfòmasyon yo.
- Nou pral bay enfòmasyon ki gen rapò ak piblisite sou aktivite konsènan patisipasyon paran ak/oswa reyinyon yo nan plizyè fòm tankou kopi, ajanda elèv, rezo sosyal ak apèl School Messenger epi pankat lekòl la.
- Reyinyon akademik pou paran yo pral pwograme ak pwofesè yo, konseye lekòl, ak administrasyon an si gen bezwen.